

Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BENEFISYÈ YO POU DEZYÈM FAZ DEFI  
DEVLOPMAN MENDÈV REJYON LWÈS NEW YORK LA**

***Kat Òganizasyon San Bi Likratif pral Resevwa 1.45 Milyon Dola pou Sipòte  
Fòmasyon Mendèv nan Sektè Agrikilti, Sante ak Syans Lavi a, ak Sektè Teknoloji***

***Gouvènè Adjwen Hochul Lanse Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv  
nan Eta New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te akòde 1,454,072 dola finansman k ap soti nan dezyèm faz Defi Devlopman Mendèv (Workforce Development Challenge, WDC) Rejyon Lwès New York la bay kat òganizasyon lokal san bi likratif. Pwogram lan ede asire rezèv mendèv rejyon an reponn ak demann endistri a ak ankouraje epi investi nan apwòch inovatè pou fòmasyon mendèv pou popilasyon defavorize yo.

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te fè anons jodi a epi te lanse Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv nan Eta New York, ki ap fèt [28 septanm rive 4 oktòb](#). Pandan semèn sa a, Eta New York fè limyè sou estrateji pou fòmasyon travay ak edikasyon siperyè ki pral satisfè bezwen mendèv biznis ak endistri an, amelyore rezèv talan rejyonal yo, amelyore fleksibilite ak adaptabilite antite mendèv lokal yo, epi elaji opòtinite aprantisaj nan espas travay pou moun nan divès seksyon transvèsal ki rete fonman mendèv eta ak nasyon an.

"Sibvansyon sa yo pral bay moun fòmasyon ak konpetans yo bezwen pou yo konpetitif nan endistri ki ap grandi rapid yo jodi a epi pou ede New York rekonstwi pi byen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mendèv eta a dwe adapte pou pwofite ekonomi an ki ap chanje rapid epi Defi Devlopman Mendèv nou an ap bay Nouyòkè nan Lwès yo avantaj yo bezwen pou reyisi."

Benefisyè WDC yo ankouraje devlopman mendèv nan omwen youn nan sektè endistri sib rejyon an, ki gen ladan: fabrikasyon avanse, sante ak syans lavi, touris, enèji pwòp ak agrikilti. Faz 2 a te elaji tou pou ajoute ak finanse fòmasyon ki konsantre sou teknoloji. Ralph C. Wilson, Jr. Foundation te bay 1.5 milyon dola anplis pou finansman faz sa a pou bati sou siksè pwogram lan. Se Community Foundation for Greater Buffalo ak Empire State Development, ajans prensipal devlopman ekonomik Eta New York la, ki pral jere sibvansyon yo.

"Fòmasyon travay pi plis lontan pase yon eslogan - li literalman vle di fòmasyon pou travay alavni - epi san li, mendèv nou pa vanse", **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare.** "Mwen te fyè pou lanse Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv la

nan lokalite mwen Buffalo jodi a paske pou mwen, sa pèsone. Nouyòkè yo te frape di akòz pandemi an, men n ap envesti pou rann fòmasyon travay ak plasman karyè aksesib pou tout moun ak pi enklizif. Envestisman jodi a se yon lòt zouti nan ekonomi nou an ke n ap rekonstwi pi byen an epi ap rann siksè aksesib pou tout Nouyòkè."

Yo konsewa Pwogram 11.5 milyon dola Defi pou Devlopman Mendèv la a pou pwomouvwa epi envesti nan apwòch inovatè pou fòmasyon mendèv pou popilasyon defavorize toupatou atravè Rejyon Lwès New York la. Pwogram lan pral ede ogmante kapasite fòmasyon kominote ki te pwouve yo gen repitasyon fonde, relasyon konfyan ak kominote a, ak kapasite ekstraòdinè nan zafè sansibilizasyon ak rekritman. Anplis de sa, li pral sipòte pwogram yo nan sektè sib rejyon an ki pare pou kwasans epi gen travay sou demann disponib, nan bay fòmasyon pou moun ki nan chomaj ak ki pa byen anplwaye, ansanm ak opòtinite pou avanse nan karyè pou travayè ki fèk antre ak ki gen kalifikasyon entèmedyè. Pwogram lan finanse modèl meyè pratik ki maksimize kolaborasyon ant biznis yo ak fòmasyon mendèv la.

Pwojè yo pral Finanse yo:

### **Pwogram redemaraj karyè nan Trocaire College Technology Institute**

**Òganizasyon:** Trocaire College

**Montan Pri WDC:** 674,162 dola

**Deskripsyon:** Finansman an pral itilize pou kouvri yon pwojè pilòt 36 semèn sou fòmasyon nan enfòmasyon ak sibèsekirite, sètifikasyon aplikab li yo, ak sèvis sipò ki gen rapò ak konpetans jeneral yo.

**Lokalite Kote Pwojè a ye a:** Konte Erie

### **Sant Karyè Inovatè Nouvèl Esperans lan (New Hope Innovative Career Center)**

**Òganizasyon:** Harvest House

**Montan Pri WDC:** 379,822 dola

**Deskripsyon:** Yon ekspansyon pwogram ki egziste a ki bay fòmasyon pratik ki baze sou yon sètifika nan sante ak syans lavi yo ansanm ak fòmasyon ak sipò pou konpetans jeneral ak pratik yo.

**Lokalite Kote Pwojè a ye a:** Konte Erie

### **Pwogram Fòmasyon pou Agrikiltè k ap Kòmanse**

**Òganizasyon:** Cornell Cooperative Extension of Niagara County

**Montan Pri WDC:** 250,088 dola

**Deskripsyon:** Finansman an pral elaji Pwogram Fòmasyon pou Agrikiltè k ap Kòmanse a, yon pwogram sètifika pou ede travayè agrikòl ki pa byen anplwaye ak ki anplwaye k ap chèche amelyore konpetans ak avanse nan karyè yo. Pwogram lan itilize ansèyman nan klas, fòmasyon pratik ak sèvis konplèmantè pou bay elèv yo konesans ak koneksyon sou endistri a ki nesèsè pou pran pwodui agrikòl yo sòti nan semans rive nan lavant.

**Lokalite Kote Pwojè a ye a:** Niagara Falls ak Lockport, Konte Niagara.

## **Fòmasyon sou Avansman pou Okipasyon Swen Sante (Advancement Training for Healthcare Occupations, ATHOS): Yon Opòtinite Fòmasyon Inovatè Riral (Rural Innovative Training Opportunity)**

**Òganizasyon:** WNY Rural Area Health Education Center Inc.

**Montan Pri WDC:** 150,000 dola

**Deskripsyon:** Finansman an pral pèmèt fini devlopman yon kourikoulòm, aplike sèvis pwogram lan pral bay, ak bay sèvis sipò pou pwogram fòmasyon an ki bay fòmasyon sou kowòdinasyon swen nan kominote riral ki defavorize sou plan medikal ak endistri lokal pou swen sante a. Pwogram lan bay fòmasyon atravè eksperyans dirèk nan klas, sou entènèt atravè yon platfòm aprantisaj sou entènèt, oswa yon pwogram melanj.

**Lokalite Kote Pwojè a ye a:** Konte Erie, Niagara, Cattaraugus, Chautauqua ak Allegany.

Lòt faz yo nan finansman an gen pou anonse nan mwa k ap vini yo. N ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare,** "Lè nou pwomouvwa ak investi nan apwòch inovatè ki baze sou rezilta, Defi Devlopman Mendèv la ap ede asire rezèv talan rejyon Lwès New York la an mezi pou yo satisfè plis demann, travay ki pi byen peye ki se yon siy kwasans ak transfòmasyon kontinyèl rejyon an".

Eta a te deja fè gwo investisman nan efò pou devlopman mendèv pou konble mank ki genyen ant òf mendèv ak bezwen endistri a. Lè w ap aplike rechèch ak meyè pratik ou te aprann atravè efò sa yo, pwogram WDC a pral rantabilize epi ajoute sou devlopman mendèv ki egziste a, epi yo pral ogmante konpetans popilasyon defavorize yo pou yo ka satisfè bezwen sektè endistri kwasan yo—sa k ap ofri ak ogmante opòtinite pou mendèv toupatou nan Rejyon Lwès New York la.

N ap jwenn plis enfòmasyon sou Semèn Sansibilizasyon pou Devlopman Mendèv la ak wòl prensipal Eta New York la pou elaji opòtinite pou Nouyòkè yo [isit la](#). Eta a te kreye Inisyativ Devlopman Mendèv istorik la pou bay konpetans ak fòmasyon pou travay ke y ap mande, te fè efò san parèy pou amelyore inivèsite pou tout Nouyòkè, epi etabli yon Biwo Egzekitif pou Devlopman Mendèv - ki pral ede Nouyòkè yo epanouwi kòm yon pati nan mendèv la ak pèmèt dinamis nou kontinye vanse pandan nou kontinye bati yon ekonomi ki pi djanm ak rezistan nan eta nou an.

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se ajans administratif prensipal tou k ap sipèvizè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development

Councils) Gouvènè Cuomo a yo ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo ak sou Empire State Development, tanpri vizite [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)